



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU OBSÈVASYON JUNETEENTH

Drapo Liberasyon Nwa a pral flote sou Kapitòl Eta New York

Moniman Eta yo pral limen nan koulè wouj, nwa ak vèt

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) nan obsèvasyon Juneteenth lan. Gouvènè a te anonse tou ke Drapo Liberasyon Nwa ki gen koulè wouj, nwa ak vèt pral leve sou Kapitòl Eta New York dimanch 19 jen ak lendi 20 jen, epi moniman Eta a yo pral limen nan koulè wouj, nwa ak vèt nan dimanch 19 jen.

"Rive jis plis pase yon mwa apre fiziyad terib ak rasis nan Buffalo yo, obsèvasyon Juneteenth ane sa a se yon opòtinite pou reflechi ak geri pandan n ap komemore emansipasyon Afriken nan esklavaj yo ak desandan yo nan peyi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An rekonesans rezistans pèsistan ak jenerasyonèl kominote Nwa a kont opresyon enstitiyonèl, mwen te mande pou Drapo Liberasyon Nwa a flote sou Kapitòl Eta a ane sa a pou reprezante solidarite Nouyòkè yo nan batay kont vyolans ak diskriminasyon san sans yo enflije sou kominote nwa yo, fanmi yo ak moun yo".

"Chak ane, nan dat 19 jen, nou selebre libète Afwo-Ameriken ki te nan esklavaj jiska liberasyon yo an 1865", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Eritaj douloure esklavaj ak segregasyon ap viv nan kè nou, men batay kontinyèl pou jistis ak reprezantasyon egal ban nou espwa nan yon avni ekitab kote timoun nou yo ka viv nan lapè ak lanmou san yo pa pote pwa enjistis ak sikatris pase yo. Nou onore istwa nou nan Juneteenth pandan n ap travay ansanm pou kreye yon avni ki pi enklizif".

Nan 19 jen 1865, twoup Inyon yo te rive nan Galveston, Texas nan fen Lagè Sivil la pou libere rès esklav Afwo-Ameriken yo ki te nan esklavaj, prèske de ane edmi apre Abraham Lincoln te pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an. 19 jen souvan konsidere kòm fen ofisyèl esklavaj nan Etazini ak dezyèm Jou Endepandans nasyon an. Ane sa a, 19 jen tonbe nan yon dimanch, epi Juneteenth lan pral obsève kòm yon jou fèt Eta New York ak federal nan lendi 20 jen.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Nan Juneteenth, nou selebre ak onore pèseverans ak kontribisyon Nwa Ameriken yo pandan n ap renouvle angajman nou an pou egalite ak jistis pou tout moun. Pandan n ap leve Drapo Liberasyon Nwa a sou Kapitòl ak lòt bilding biwo Eta yo ane sa a, nou rejwenn ak Gouvènè Hochul pou nou chèche chanjman ki nesèsè pou mete fen nan rasis sistemik ak menas vyolans sosyete nou an ap fè fas chak jou".

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Mwen trè fyè pou m te patwone lwa Jou Fèt Juneteenth la nan Sena a. Se yon souvni istwa trajik nou nan esklavaj, men tou, se pwomès libète nou kontinye fè efò pou li. Se pou nou tout sèvi ak jou sa a pou renouvle angajman nou nan batay pou libète ak egalite nan gwo eta ak nasyon nou an!"

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Pandan n ap make jou fèt Juneteenth la, nou komemore abolisyon esklavaj epi nou rekonèt vwayaj difisil nan direksyon libète Afwo-Ameriken yo. Pandan travay la ap kontinye, li enpòtan pou nou rekonèt kijan nou rive lwen pandan n ap selebre libète epi n ap kontinye lite pou jistis rasyal. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt ak selebre jou fèt Juneteenth la nan Eta New York."

Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare, "Juneteenth senbolize batay yon jenerasyon pou liberasyon. Soti nan premye esklav Nwa yo ki te touche rivaj Atlantik la nan 16yèm syèk la, rive nan libète yo te akòde bay dènye pèp Nwa esklav yo nan Galveston, Texas an 1865, ak jan konpatiyòt yo mache pou Lavi Nwa (Black Lives) jodi a. Soti nan lejislasyon rive nan liberasyon, se yon onè pou nou non sèlman katalizè nan fèt Juneteenth tounen yon jou fèt eta, men tou pou rejwisans nan kominote avèk tout kominote w yo nan Jou Libète a: 19 jen. Kite libète sonnen!"

Drapo Liberasyon Nwa a pral flote dimanch 19 jen, ak nan jou fèt ki obsève a, lendi 20 jen, sou Kapitòl Eta New York ak bilding Eta sa yo:

- Bilding Biwo Leta Adam Clayton Powell Jr. la nan Harlem
- Bilding Biwo Leta Eleanor Roosevelt la nan Poughkeepsie
- Sant Jesyon Transpò Vale Hudson lan nan Hawthorne
- Bilding Biwo Leta Perry B Duryea a nan Hauppauge
- Empire State Plaza, Albany
- Bilding Biwo Leta Alfred E Smith nan Albany
- Manwa Egzekitif nan Albany
- Kanpis Bilding Biwo Leta Harriman, Bilding 18 nan Albany
- Bilding Biwo Leta Binghamton
- Bilding Biwo Leta Dulles nan Watertown
- Bilding Biwo Leta Henderson-Smith nan Hornell
- Etablisman Homer Folks nan Oneonta
- Bilding Biwo Leta Senatè John H. Hughes nan Syracuse
- Bilding Biwo Leta Utica
- Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta New York, Oriskany

Anplis de sa, plizyè moniman nan Eta a pral limen ak koulè wouj, nwa ak vèt nan dimanch 19 jen nan selebrasyon Juneteenth lan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418